

6 avril

**Se la yo krisifye li, li menm ansanm avèk de lòt.
Yonn chak bò, Jezi nan mitan.** Jan 19. 18

**Se te nan aswè, menm premye jou semèn nan... Jezi
vini nan mitan yo, li di yo : Lapè avè nou.**

Jan 20. 19

**Epi, nan mitan twòn nan... yon ti mouton kanpe,
kòm si yo te touye l.** Revelasyon 5. 6

Nan mitan

Bib la prezante nou twa okazyon kote Jezi te nan mitan.

– Yo te krisifye l, nan mitan de malfektè, kòm si se li ki te pi gwo koupab nan yo twa a. Pozisyon degoutan sa montre nou kòman lèzòm te wè l, li menm lavi l te fèt ak bonte, devouman ak charite devan detrès li te rankontre yo.

– Aprè rezireksyon l, disip li yo te reyini. Kèk nan yo te deja wè li vivan. Eske se te vre ? “Jezi vini epi li kanpe nan mitan yo”. Lè sa a, li montre yo men li yo ak bò kot li ki pèse, mak soufrans li yo e prèv lanmou li. Li diy pou li nan mitan enterè ak afeksyon moun pa l yo. Jodi a ankò, pwomès Jezi a akonpli : “Kote de ou twa moun reyini nan non mwen, mwen nan mitan yo” (Matye 18. 20).

– Finalman, Revelasyon prezante nou sila ki gen laviktwa sou lanmò a “nan mitan twòn nan”. Bondye te resi-site l e li te ba li plas santral sa a. Sila yo te tèlman meprize a men li jwenn li kounye a nan mitan laglwa nan syèl la. Li gen tout pouvwa epi l ap renye talè konsa.

Jodi a, li enpòtan pou li kapab nan mitan lavi nou chak. Eske li se Sovè pèsònèl nou ? Eske li toujou okipe premye plas nan lavi nou ?

*Nan mitan twòn nan – Moun pa ou yo va wè ou ;
P ap manke okenn kouwòn sou tèt ou,
E men ou yo ki te pèse a va montre alafwa
Doulè ou yo, – ak lanmou lakwa.*

6 avril

Ils le crucifièrent, et avec lui deux autres, un de chaque côté, et Jésus au milieu. Jean 19. 18

Le soir de ce jour-là, le premier jour de la semaine,... Jésus vint et se tint au milieu d'eux. Il leur dit : Paix à vous !

Jean 20. 19

Et je vis, au milieu du trône... un agneau qui se tenait là, comme immolé. Apocalypse 5. 6

Au milieu

La Bible nous présente trois occasions où Jésus Christ est au milieu.

– On l’a crucifié au milieu, entre deux malfaiteurs, comme s’il était le plus coupable des trois. Cette position infamante traduit l’appréciation des hommes sur sa personne, lui dont la vie a été toute faite de bonté, de dévouement et de charité devant les détresses qu’il rencontrait.

– Après sa résurrection, ses disciples étaient réunis. Certains l’avaient déjà revu vivant. Était-ce vrai ? “Jésus vint et se tint au milieu d’eux”. Il leur montra alors ses mains et son côté percés, marques de ses souffrances et preuves de son amour. Il est digne d’être au centre de l’intérêt et de l’affection des siens. Aujourd’hui encore, cette promesse de Jésus s’accomplit : “Là où deux ou trois sont assemblés à mon nom, je suis là au milieu d’eux” (Matthieu 18. 20).

– Enfin, l’Apocalypse nous présente le grand Vainqueur de la mort “au milieu du trône”. Dieu l’a ressuscité et lui a donné cette place centrale. Celui qui a été si méprisé est désormais le centre de la gloire du ciel. Il détient le pouvoir et régnera bientôt.

Aujourd’hui, il est important qu’il occupe le centre de notre vie à chacun. Est-il notre Sauveur personnel ? Tient-il toujours la première place dans notre vie ?

*Au milieu du trône - Les tiens te verront ;
Aucune couronne - Ne manque à ton front,
Et tes mains percées - Montrent à la fois
Les douleurs passées, - L’amour de la croix.*